

AYITI

Ekri politik peze souse Ayiti sa twò lou, fòk Biden depoze chay sa sou do li

Rèl Pèp ayisyen nan jou sa yo, se pa pou mande Washinton bagay ki depase, sa pèp la ap mande nou se sispann fòse yo vale bout bannann ankè a san kraze ki soti pou toufe yo

12 NOVANM, 2021

[HTTPS://RESPONSIBLESTATECRAFT.ORG/2021/11/12/HOW-BIDEN-CAN-SUPPORT-DEMOCRACY-IN-HAITI/](https://RESPONSIBLESTATECRAFT.ORG/2021/11/12/HOW-BIDEN-CAN-SUPPORT-DEMOCRACY-IN-HAITI/)

Ekri pa [Brian Concannon](#)

Gouvènman Biden nan sanble ap rate yon okazyon an ò pou ede pèp ayisyen remete demokrasi fragil yo genyen an sou ray. Lè yo chwazi pou sipòte kokoday PHTK yo, ki se yon machin politik ki depatcha demokrasi pandan 10 denye lane ki sot pase yo la, olye yo ta ankadre inisyativ sosyete sivil tout moun ladann nan ki gen plis chans pou reyisi. Wout sa administrasyon Biden nan pran an kondane pèp ayisyen pou woule nan plis lamizè ak represyon ki ap lakoz Etazini badijonnen nan plis politik etranjè ma labou kejan sa te ye avan.

Ayisyen pap mande Washington pou fè gwo bagay. Okontrè sa ayisyen ap mande se pou Etazini sipann fè aksyon ki ap sipote rejim PHTK aktyèl la ki tap mennen bak peyi pandan 10 denye lane yo.

Jan anwaye espesyal pou Depatman Deta Daniel Foote te ekri sa nan lèt demisyon li an, jou 22 Septanm nan, pep ayisyen vle jwenn yon opòtinite pou yo kapab deside sou wout lavi yo poukò yo, san yon kominote entènasyonal ki chwazi kandida ki bon pou yo epi fè yo tounen tijwèt yoyo. Anbasadè Foote te demisyone paske Etazini pat pete nan koton ba li santi epi fèmen je sou jefò li tap fè pou mande sispann jwèt maryonèt la. Denye kou pou touye koukou a se sipò ofisyèl Etazini bay premye minis defakto a: doktè Ariel Henry ki kontinye ap resevwa nan men Depatman Deta bèl konpliman pou yon akò politik ki pa popilè, konparativman a yon lot akò lajman laj sosyete sivil la devlope.

Akò lajman laj sa ki fèt byen avan se travay yon komisyon pou cheche yon solisyon a kriz la ant ayisyen ki ap rankontre depi Janvyè pou devlope yon pwosesis moun fè konfyans ki kapab mennen nan yon gouvènman yon ti bout tan ki kapab mennen nan bon jan eleksyon epi enstale yon gouvènman ak lejitimite pou jere anpil nan kriz Ayiti yo. Akò sa yo gen plis pase 650 senyati ki reprezante pi gwo pati politik yo nan peyi a, legliz katolik ak legliz potestan, sendika, chanm komès, oganizasyon fanm, òganizasyon anti koripsyon, òganizasyon debaz nan zonn pwovens kou zòn lavil. Patisipan nan komisyon sa yo soti nan pati politik ak gwoup sosyel

toupatou an Ayiti. Anpil nan aktè sa yo soti nan sektè ki gen diferan pozisyon politik pandan plizyè lane. Men fas a dimansyon kriz Ayiti a rive epi rezistans PHTK pou reyalize bon jan eleksyon ki jis epi onèt, sa pèmèt gwoup sa yo rejwenn fòs yo ansanm pou fòje yon pwosesis konsensus ki ka restore establite ak demokrasi an Ayiti.

Akò sa komanse avèk yon rezonman debaz ki se PHTK ki pat janm fè eleksyon ki ni jis ni nan tan ki la pou sa, dwe ranplase pa yon gouvènman pou yon tibout tan epi moun ka fè konfyans. Akò sa ap mete sou pye yon Konsey Nasyonal Tranzisyon (KNT), ak mwens ke mwatye plas disponib yo ki ap ale jwenn pi gwo pati politik yo epi yon lòt kantite plis ke mwatye plas yo pral repati an jeneral a plizyè gwoup nan òganizasyon sosyete sivil la. KNT a pral chwazi yon gouvènman tranzisyon ki gen konfyans pèp la epi ki pral ranfòse kapasite gouvènans pou fè eleksyon nan de lane. Apre gouvènman tranzisyon sa enstale, KNT a pral mete ansanm ak yon òganizasyon tranzisyon ki pi laj ki pral bay yon kontwòl sou gouvènman an.

Lojik fondman pwosesis sa se pou rive mete politisyen travay ansanm ak lòt sektè. Politisyen yo konnen waj pouvwa politik la men trè souvan moun wè yo kòm aktè konfliktyèl e kowonpi. Yo pral ka travay ansanm ak òganizasyon sosyete sivil la pou kenbe pwosesis la onèt epi ranfòse tradisyon pou bati konsensus. Li klè pwosesis akò sa poko teste li lan, li sanble konplike epi li andeyò de kad konstitisyonèl. Men kanmenm, ayisyen sanble pito mete yo bò kote yon pwosesis ki pèsistan olye yooun ki ta fèt nan mache prese. Ayisyen yo vle yon pwosesis ki ka pèmèt yon patisipasyon lajman laj nan lespri yon konpwomi sou pwoblèm pikan kwenna. Yo prefere mize nan wout pou pote bon nouvèl fas a tout konplikasyon ki gen nan kriz peyi a olye yon mache prese ki pral ogmante lamizè moun yo sou mwayen ak lontèm.

Pi gwo altènativ ki genyen fas ak akò sa se PHTK ki kontinye ap dirije bak peyi a, bagay sa pa nan kad konstitisyon Ayiti a. Anbasadè Foote te refere a Premye Minis Henry kòm yon defakto paske li pat pase nan eleksyon epi pami tout lòt iregilarite yo li pat janm ratifye devan paleman an jan konstitisyon an mande sa. Apre yon 10zèn lane kote PHTK ap mennen bak peyi a, se sèlman 10 ofisyèl ki pase nan eleksyon kyan fonksyon pami milye ki te dwe anpòs selon konstitisyon an.

kontrèman ak akò sosyete sivil la, PHTK ki kontinye ap jere peyi a pa gen okenn chans pou mennen kriz la nan yon solisyon dirab. Pati PHTK a non sèlman pat janm reyalize eleksyon ki jis, anplis de sa li te demantle tout estrikti demokratik ki la pou asire bon jan eleksyon ak gouvènans. Pa gen okenn Konsey Elektoral, pouvwa jidisyèl pran nan presyon fas ak pil arestasyon ilegal ki te fèt epi revokasyon jij epi nan fè ajans antikòripsyon yo ret bèbè.

PHTK te ranplase estrikti demokratik yo ak yon machin politik ki mele nan zak kòripsyon tèt chaje. Tout kalite divèsyon sou resous peyi a rann gouvènman yo enkapab pou delivre servis de baz yo epi bezwen nesèsè ki la pou yon sosyete byen mache, tankou sekirite ak sante piblik. Gang Ayiti yo sou ekran rada Etazini paske yo kenbe 16 misyonè ameriken an otaj, bloke distribisyon gazolin epi sikilasyon kèk lot èd.

Men gang yo kenbe pep ayisyen an otaj pandan tout rèy PHTK a, souvan ak kolaborasyon aklè yo. Pi bonè nan ane sa te gen yon rapò ki soti nan gwoup dwa moun an ayiti ak lekòl de dwa

Harvard ki fè konen atak gang yo ap fè sou opozan PHTK yo dekonsè ak lapolis epi ofisyèl nan gouvènman yo gaye ase epi yo politize ase pou konstitye krim kont limanite.

Gouvènman PHTK a pa menm rive mete jenerosite administrasyon Biden nan sou vaksen a bonesyan. Etazini voye 500000 vaksen an Ayiti atravè pwogram Covax nan mwa Jiyè, men nan fen mwa Oktòb se sèlman 135 mil ki te rive itilize nan yon popilasyon 12 milyon moun, sa ki koz ayiti se peyi nan rejyon Amerik la la ki mwens vaksine. Nan mwa Novanm sa Covax ap repran dèsantenn de milye vaksen sa yo pou yo al itilize yo lòt kote avan yo ekspire.

Rive vaksine rès 97'7 pousan ayisyen son bagay ki enpòtan. Men sa pa pral rive fèt toutotan peyi a pa gen yon gouvènman ki angaje pou mete kanpe yon sistèm sante piblik ki pap dechèpiye yo, epi ki genyen konfyans popilasyon an pou chanje ezitasyon moun yo genyen sou pran vaksen. Pèmèt yon ranplasman moun fè konfyans ke PHTK pou met tèt yo deyò pral bay Etazini ak lòt moun ki vle ede Ayiti yo yon entèlokite ki gen konfyans lajman laj popilasyon an epi ki pakab fasilite koperasyon entenasyonnal dirab sou sa ki gen a pwoblèm gang, dosye enèji, devlopman ekonomik epi solisyon ak lòt kondisyon ki kontribye a kriz ayisyen.

Brian A Nichols ki se Asistan sekretè deta pou afè emisfè wès la te reponn a kritik yo fè sou politik Etazini nan deside pran angajman pou sipòte yon solisyon ak kriz la ki jere pa ayisyen. Nichols te di tou Etazini pa pral chwazi gayan ak pèdan.

Men chat konnen, rat konen e tout ayisyen konen Washington deja chwazi gayan ki bon pou li yo. Anbasadè Foote te klè sou sa nan lèt demisyon an li an, lè li te di jan Premye minis Henry rive nan pozisyon sa gras a sipò "Core group" ki te chwazi li apre yo te anonse li te ranplase lòt moun ki te deja nan plas la de manyè ilegal e ilejetim ki se te Claude Joseph. E nou konnen trè byen se Etazini ki ap dirije gwoup sa ki pa gen okenn ayisyen ladann. Anreyalite anbasadè Foote te byen eksplike bay komite afè etranjè nan mwa oktob kijan gouvènman PHTK a pap ka kenbe pouvwa a si Washington sispann sipòtel.

Moun ki pa egare ki pap pran anana pou sizal konprann jan angajman Asistan Sekretè Nichol la sou zafè solisyon ki jere pa ayisyen an gen anpil blokaj parapò a mache prese MP Henry te genyen pou kouri lanse akò pa li a ki pa gen anpil gwoup ki apiyel. Okenn gwoup ki pa konekte ak PHTK bay sipò a akò sa, men Etazini kontinye voyel monte. Le nou byen gade bagay sa, moun ki gen je kale ki pa egare ki ap swiv yo kwè zafè pwomès Nichols fè pou pa chwazi ganyan ak pèdan yo se nad marinad, sa vle di se pwoteje pito PHTK kont tout lòt gwoup ki ta ka gayan toutbon. Bagay sa ka lakoz PHTK rete sou pouvwa vitam etènem epi pèp ayisyen ak demokrasi se yo ki ap sèl pèdan.

Depatman deta kapab pwouve moun ki pa kwè yo pa gen rezon lè yo sispann voye gouvènman PHTK a monte. Lè yo pa fè anyen fas a kriz sa, epi kite pwosesis la ap dire plis tan se siy yo kwaze ponyèt ap gad fent peyi a. Men se ekzatemman sa ayisyen yo ki konprann kontèks yo ap viv la pibyen pase moun Ozetazini yo ap mande nou. Nou dwe pèp ayisyen chans sa.